

POU : Komite Skolè Boston  
SOT NAN MEN : Jeremiah Hasson, Direktè OLR (Biwo Relasyon Travay)  
KOPI POU : Mary Skipper, Sipèntandan BPS  
Sam Depina, Depite Sipèntandan Operasyon  
PJ Preskenis, Asistan Direktè Jesyon Enstalasyon Lekòl Piblik Boston yo  
Megan Costello, Konseyè Prensipal  
OSIJÈ : Akò Negosyasyon Kolektif – Sendika Administratif "The Administrative  
Guild", SEIU Local 888  
Dat : 9 desanm, 2022

---

Sou rekòmandasyon ekip negosyasyon ki te deziyen nan non Komite Skolè Boston an pou negosye yon nouvo akò negosyasyon kolektif avèk Sendika Administratif la, tanpri egzamine e egzekite akò memorandòm ajou sila a ki vin ansanm ak lèt sa a. Pou rann rechèch ou pi fasil, mwen detaye enfòmasyon enpòtan yo anba a :

**Pwen enpòtan yo**

Dire 1ye Kontra a se : apati 1ye septanm, 2020 jiska 31 out, 2022 (pou salè yo sèlman-retwoaktif, sètadi : pou tan pase yo)

Salè yo :

- Ane Fiskal 2021 : 2%
- Ane Fiskal 2022 : 2,5%, ansanm ak yon sèl peman 1.000\$

**Pwen enpòtan yo**

Dire 2yèm Kontra a se : apati 1ye septanm, 2022 jiska 31 out, 2024

Salè yo :

- Ane Fiskal 2023 : 2,5%
- Ane Fiskal 2024 : 2,5%